

Elimine Sanksyon Kriminèl pou Enfraksyon ki liye ak Mariwana

An novanm 2022, pandan n ap konprann pi byen domaj aplikasyon rasis danjere "gè kont dwòg" la lakòz kominote Nwa ak Po Fonse yo, elektè Maryland yo te apwouye yon referandòm ki vize legalizasyon itilizasyon mariwana pou granmoun.

Toutfwa, selon lwa aktyèl la, tankou posesyon ak entansyon pou distribiye ak posesyon plis pase kantite itilizasyon sivil la (2.5 ons) kapab toujou abouti ak kondanasyon pou deli minè.

Avèk sanksyon kriminèl sa yo ki toujou an vigè, mariwana legalize sèlman an pati. Aplikasyon sible lwa sa yo pral kontinye afekte moun Nwa ak Po Fonse epi y ap sibi konsekans kolateral ki akonpaye entrikasyon nan sistèm jiridik kriminèl la ak entèraksyon initil ak lapolis.

Nou mande an ijans pou Asanble Jeneral la adopte pwojè lwa ki t ap pèmèt akizasyon sa yo pase tankou enfraksyon sivil olye de yon deli minè, ki t ap sanksyone ak kontravansyon ak amann sivil olye de ale nan prizon.

Egzekisyon "Gè kon Dwòg" Te Gen Efè Katastwofik

Etid yo montre regilyèman moun tout ras itilize ak posede mariwana nan menm nivo. Poutan moun Nwa nan Maryland twa fwa pi siseptib pou jwenn arrestasyon pase moun blan pou posesyon mariwana. Dinamik rasis sa son reyalite menmsi konte a an majorite blan oswa an majorite nwa.


Ant 2018-2019, 96 poustan tout akizasyon posesyon mariwana te fèt kont moun Nwa nan vil Baltimore, menmsi moun Nwa te sèlman reprezante anviwon 60 poustan popilasyon vil la.

Nan menm ane sa yo nan konte Baltimore, 80 poustan akizasyon posesyon mariwana te fèt kont moun Nwa, menmsi moun Nwa te sèlman reprezante anviwon 30 poustan popilasyon an la.

Nan konte Prince George, chif yo terib menm jan. Menmsi moun Nwa te reprezante sèlman 65 poustan popilasyon an, 2903 moun te akize de posesyon mariwana e 90 poustan te Nwa.¹



Lapolis akize Nwa Marylandè yo yon fason disproporsyonèl pou posesyon marigwana (2018-2019)



Selon yon rapò Komite Politik Santans Kriminèl nan Eta Maryland nan lane 2022 sou tandans konsènan kondanasyon nan Tribunal nan Sikwi Maryland pou enfraksyon ki lye ak mariwana, ant 2017-2021, 45 poustan moun ki te akize ak yon enfraksyon grav ki lye ak mariwana pa te gen kazyé jidisyè epi 49 poustan nan sa ki te akize ak enfraksyon minè ki lye ak mariwana yo pa te gen kazyé jidisyè. Poutan moun Nwa te jwen santans prizon pi souvan ak pou plis tan ni pou enfraksyon grav ni pou enfraksyon minè ki lye ak mariwana.²

Yon kondanasyon pou enfraksyon minè limite aksè yon moun a travay, lojman estab ak tout yon seri benefisiblik. Dosye kondanasyon pou enfraksyon minè limite moun tou pou rete nan kèk fwaye, ak ekskli moun ki gen fèb revni nan plan pèman sèvis piblik ak bon alimantè. Avèk yon to kondanasyon ki pi wo, konsekans kolateral kondanasyon pou enfraksyon minè plis afekte moun Nwa ak Po fonse. San travay ak salè ak lojman estab, moun yo souvan oblige chèche lavi a pati aktivite kriminèl.

Anplis de sa, gran majorite moun ki aktyèlman ap vann mariwana se vandè k ap chèche lavi yo ye k ap vann pou siviv. Yo pa fè benefis konsiderab e yo p ap gen aksè ak yon lisans ki ap pèmèt yo distribiye mariwana legalman. **Li enjis pou kontinye fè yo sibi kèlkeswa sanksyon an pandan abitan Maryland yo, ki rich e ki an majorite blan kapab genyen menm konpòtman nan tout legalite epi fè pwofi de sa.**

Legalizasyon Pa Pral Sifi Pou Redui Inegalite Rasyal nan Maryland

Dekriminalizasyon pa te janm sifi. Epi jan nou te wè sa nan plizyè eta, legalize posesyon san elimine lòt enfraksyon ki lye ak mariwana p ap sifi non plis. To arrestasyon inegal ant Nwa ak blan egziste nan tout eta yo kèlkeswa mariwana te legalize, dekriminalize oswa rete ilegal.

Li enkyetan pou nou wè nan kèk eta ki legalize mariwana menm si to arrestasyon an jeneral diminye, inegalite rasyal rete menm oswa kèk fwa vin pi mal.³

Nan Virginia, malgre legalizasyon mariwana pou amizman an 2021, granmoun ki Nwa toujou reprezante prèske 60 poustan ka ki lye ak mariwana menm si yo reprezante sèlman 20 poustan popilasyon eta.⁴

Nan Washington, D.C., malgre yo legalize mariwana prèske uit lane déjà, prèske tout moun ki te arete sou baz akizasyon ki lye ak mariwana an 2020 te Nwa menmsi yo reprezante sèlman 45 poustan popilasyon vil la.⁵

Nou dwe repare domaj "gè kont dwòg"
danjere a lakòz ak anpeche kriminalizasyon moun Nwa ak Po Fonse nan yon kad kote mariwana legal. Pou fè sa nou dwe konble tout fay ki egziste yo ki pèmèt arrestasyon, kondanasyon ak anprizònman Inegal moun Nwa ak Po fonse nan Maryland.

SOUS:

¹ 2020 Statistics and Data Request for Possession of Marijuana over 10 Grams by Delegate Nick Mosby

² https://msccsp.org/Files/Sentencing_Snapshot/Issue7.pdf

³ American Civil Liberties Union. (2020). A Tale of Two Countries Racially Targeted Arrests in the Era of Marijuana Reform. American Civil Liberties Union. Retrieved November 30, 2022, from <https://www.aclu.org/report/tale-two-countries-racially-targeted-arrests-era-marijuana-reform>

⁴ Elwood, K., & Harden, J. D. (2022, October 16). After Virginia legalized pot, majority of defendants are still black. The Washington Post. Retrieved November 30, 2022, from <https://www.washingtonpost.com/dc-md-va/2022/10/16/virginia-marijuana-enforcement-disparities/>

⁵ <https://www.washingtonpost.com/dc-md-va/2022/10/16/virginia-marijuana-enforcement-disparities/>